

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nyaéta léngkah nu dilakukeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun informasi sarta ngalakukeun *investigasi* kana data nu geus aya. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngumpulkeun data, sarta ngolah data. Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif analitik.

Pamarekan kualitatif dihartikeun salaku pamarekan anu ngagunakeun prosedur analisis sarta teu ngagunakeun metode analisis statistik. Nurutkeun Moelong (dina Arikunto, 2013, kc. 22) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan nu ditengetan ku panalungtik, jeung barang-barang nu ditalaah nepi ka nyosok jero sangkan bisa kacangkem ma'na nu nyamuni dina dokumén atawa barangna.

Métode déskriptif analitik dilarapkeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Nurutkeun Ratna (2013, kc. 53), sacara étimologis, istilah déskripsi jeung analisis hartina ngadadarkeun. Sanajan kitu, analisis nu asalna tina basa Yunani *analyein* ('ana' = atas, 'lyein' = leupas), geus dibéré harti tambahan, yén analisis téh lain saukur ngadadarkeun, tapi dibarengan ogé ku méré pamahaman jeung pedaran nu sacukupna.


Objék nu ditalungtik nyaéta novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi. Métode anu digunakeun nyaéta *déskriptif-analitik*. Ieu métode dipilih ku sabab luyu jeung objék anu ditalungtik, nyaéta ngadéskripsikeun wangun struktur jeung semiotika dina novel *Tembang Kamelang* nu satuluyna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rencana atawa rarancang nu disusun ku panalungtik pikeun rarancang kagiatan nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. (Arikunto, 2013, kc. 90).

Anapon desain panalungtikan nu bakal dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta : (1) nangtukeun masalah; (2) ngumpulkeun data; (3) ngolah data (analisis); sarta (4) nyieun kacindekan jeung saran; sarta.

Sangkan leuwih jéntré, léngkah panalungtikan dijieun dina wangun bagan.



Bagan 3. 1

Desain Panalungtikan

### 3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan teh nyaéta novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi.

#### 3.2.1 Idéntitas Novel

Judul : *Tembang Kamelang*


Pangarang : Tatang Setiadi

Septiani Puspita, 2023

**STRUKTUR JEUNG SEMIOTIKA DINA NOVEL TEMBANG KAMELANG KARYA TATANG SETIADI  
JEUNG IMPLIKASINA DINA PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Taun Medal : 2020  
 Kandel Kaca : 115 kaca  
 Ukuran Buku : 21,0 x 14,8 cm  
 Pamedal : Yayasan Percéka Art Centre  
 Citakan : Citakan ka-1  
 ISBN : 978-602-53826-3-5  
 Warna jilid : Coklat taneuh



Gambar 3. 1  
 Jilid Novel *Tembang Kamelang*

Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa dokumen fisik. Jenis kertas nu dipaké pikeun jilid nyaéta *art paper* nu *dilaminasi glossy*. Upama eusina tina keretas HVS 80 gsm. Jilid ieu novel téh warnana Coklat taneuh, aya gambar kacapi gelung minangka ilustrasi waditra nu aya dina carita. Dina ieu jilid aya tulisan “Tembang Kamelang” maké *font Script* warna tulisanna konéng, jeung “Tatang Setiadi” minangka ngaran pangarangna maké *font Cosmopolitan Sans Printed*. Warna tulisanna bodas.

### 3.2.2 Déskripsi Novel *Tembang Kamelang*

*Tembang Kamelang* mangrupa novel karangan Tatang Setiadi. Ieu novel munggaran medal taun 2020 ku Yayasan Percéka Art Centre di Cianjur. Ieu novel nyaritakeun lalampahan saurang seniman Sunda Cianjuran nu masih pageuh mekarkeun seni katut budayana. Sanajan masarakat kiwari geus réa nu ngapilainkeun kana ajén-inajén seni tradisi budaya Sunda, anjeunna teu galideur pikeun babagi élmu kasenian. Jumlah kaca ieu novel nyaéta 115 kaca sarta aya 11 bab. Patali jeung seni tradisi budaya Sunda, ieu novel loba ngagambarkeun kaayaan dina taun 2000-an.

### 3.2.3 Idéntitas Pangarang

Tatang Setiadi lahir di Bandung ping 24 Désémber 1954. Anjeunna mangrupa salasahiji seniman Sunda nu kawilang produktif tur miboga peran penting dina budaya Sunda. Tatang Setiadi dipikawanoh minangka *penari* jeung koréografer Sunda professional ti taun 1972. Tapi, minatna ogé ngarancabang kana kasenian lian, kaasup nulis biantara, dongéng basa Sunda, novel Sunda, sarta nyiptakeun ratusan lagu-lagu Sunda. Tatang geus ngarang sababaraha buku, di antarana *Talujur Cianjur* diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama taun 2010, *Pembelajaran Karawitan* medal taun 1990 (teu dijual), *Asal-usukna Hayam Pelung jeung Dongéng-dongéng Cianjur Lianna* diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama taun 2011, *Tembang Kamelang* diterbitkeun ku Yayasan Percéka Art Centre taun 2020, jeung réa-réa deui.

Dina taun 2012, buku *Asal-usukna Hayam Pelung jeung Dongéng-dongéng Cianjur Lianna* karangan Tatang Setiadi téh jadi pinunjul dina *sayembara* Hadiah Samsudi. Éta buku dilélér pangajén minangka buku pangonjoyna. Nepi ka kiwari, Tatang Setiadi aktif ngasuh seni di Yayasan Percéka Art Center di Cianjur.

## 3.3 Instrumén Panalungtikan jeung Téhnik Ngumpulkeun Data

### 3.3.1 Instrumen Panalungtikan

Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa *fasilitas* nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan

pagawéanna leuwih babari. Anapon instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta nganalisis data maké kartu data. Fungsi tina kartu data nyaéta pikeun ngaéféktifkeun arsip analisis minangka hasil idéntifikasi tina hasil maca.

Kartu data dina ieu panalungtikan téh ngawengku kartu data struktur jeung semiotika nu aya dina novel, saperti palaku jeung watek, latar tempat, galur, gaya basa, simbol, ikon, jeung indéks.

### 1) Kartu Data Analisis Struktur

**Tabél 3. 1**  
**Kartu Data Analisis Struktur**

Kode Data:
Data :

### 2) Kartu Data Analisis Semiotika

#### a. Ikon

**Tabél 3. 2**  
**Kartu Data Analisis Ikon**

No.	Kode	Cutatan Novel	Réprésénta mén/Tanda	Interprétan

## b. Indéks

**Tabél 3. 3**  
**Kartu Data Analisis Indéks**

No.	Kode	Cutatan Novel	Réprésénta mén/Tanda	Interprétan

## c. Simbol

**Tabél 3. 4**  
**Kartu Data Analisis Simbol**

No.	Kode	Cutatan Novel	Réprésénta mén/Tanda	Interprétan

Conto kode : 1) TK/1/2/5

Katerangan

TK : singgetan sumber data novel *Tembang Kamelang*

/1/ : bab eusi carita

/2/ : kaca

/5/ : paragraph

Lian ti kartu data digital minangka instruménna, ogé aya instrumén séjénna nyaéta daptar *céklis* atawa daptar *centang* anu digunakeun dina ngalarapkeun hasil analisis nu dipatalikeun jeung bahan ajar. Daptar céntangna saperti ieu di handap.

**Tabél 3.5**  
**Daptar *Centang* Analisis Bahan Ajar**

No.	Kritéria Milih Bahan Ajar	Novel Tembang Kamelang		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
1.	Tujuan nu hayang dihontal			
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna			
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan			
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa			

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik dokuméntasi. Aya sawatara léngkah anu dilakukeun di antarana:

- 1) Maca novel *Tembang Kamelang*.
- 2) Nandaan unsur struktural jeung semiotika nu nyangkaruk dina novel *Tembang Kamelang*.
- 3) Nyalin kana kode data sangkan data leuwih gampang diolah sarta leuwih alus hasilna.

### 3.4 Ngolah Data (Analisis)

Sabada data panalungtikan dikumpulkeun, léngkah satuluyna nyaéta ngolah data atawa nganalisis data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 278), gurat badag analisis data téh aya tilu léngkah, nyaéta tatahar, tabulasi, jeung ngalarapkeun kecap data luyu jeung pamarekan panalungtikan. Tatahar mangrupa kagiatan munggaran nu digunakeun dina nganalisis data. Tabulasi mangrupa proses ngahijikeun data nu geus kapanggih. Data nu geus ditabulasi, tuluy dilarapkeun luyu jeung pamarekan dina panalungtikan.

Patalina jeung éta hal, data nu geus dikumpulkeun téh diolah kalawan wincikan ieu di handap:

- 1) niténan data anu geus dikumpulkeun,
- 2) nyieun papasingan data,
- 3) mindahkeun sakabéh unsur struktur jeung semiotika kana wangun tabél atawa instrumén,
- 4) nganalisis unsur struktur jeung semiotika nu aya dina novel *Tembang Kamelang*,
- 5) ngadéskripsikeun unsur struktur jeung semiotika nu aya dina novel *Tembang Kamelang*,
- 6) napsirkeun jeung méré interpretasi kana sakabéh data anu geus kapaluruh dina novel *Tembang Kamelang*,
- 7) maluruh hasil analisis pikeun jadi alternatif bahan pangajaran,
- 8) nyieun pedaran tina hasil analisis,
- 9) nyieun kacindekan ngeunaan struktur jeung semiotika dina novel *Tembang Kamelang* tuluy dilarapkeun kana bahan pangajaran maca novel di SMA.